## 31. TEROESNA KAPAL.

Selang² tina njarita, kek Almasan kana tjatjangkir kopi, kèrèkès opakna djeung ranggining.

Ari Roesdi, sakitoe loekang barang hakan tèh, barina mah hantem ngahoeroem² ajan, da resepna ngadèngèkeun tjaritaan Almasan tèja.

Roesdi nowèl ka bapana: „Tjik, 'Pa, sina toeloejkeun deui kapal tèh," tjeuk Roesdi bari ngaharéwos.

„Koemaha, 'Sdi, toeloejna? Tara sasab ari djalanna kapal?"

„Tara, oesep! Doepi pang tara sasab djalanna, kieu!" tembal Almasan.



„Tah, djoe deukeut tiang baseun uoe ieu," tjeuk Almasan bari noendjoek kana gambar kapal, „aja padoman gedè, tah èta anoe noedoehkeun kalèr kidoel kapal tèh. Dina djeroeun padoman aja lampoe soepaja ari peuting ogè bisa awas. Noe ngatoer djalanna kapal mah èta padoman, ngaranna istriman."

„Euh!" tjeuk Roesdi, „koering ogè boga padoman tjara kitoe, tah geuning ieu keunang barito hape meuli," bari ditjokot tina pesakna.

„Enja, 'Djang, kawas padoman èta!" omong Alhasan. „Tapi padoman noe di kapal mah gedèna meureun, aja sarèwoe kalieun noe Oedjang."

„Ho! èdas, nja pohara gedèna, 'San!" tjeuk 'Pa Roesdi.

„Kantenan, noen!" tèmbal Alhasan.

„Ari Alhasan miloe ngadjalankeun kapal?" tjèk 'Pa Roesdi ka ki anaah.

„Ih! bontenan koering mah, noen!" djawab Alhasan. „Atoeh koering mah kana pagawéan matros, beberesih dina dèk, sasapoe di kamar² kapal djeung angkat djoengdjoeng, ngaladénan parèntah djoeragan kapal. Ari teu aja gawé, dijoek ngalamoen dina dèk, da seueur pitongtoneun. Dina dèk aja kamar paranti meratja hoekne, paranti aroesia djeung sadjaba ti èta, sakoemaha gedong-gedong di darat baè."

„Na', ti mana ari dadaharan, 'San?"

„Beu! dadaharan mah atoeh teu koerang," tèmbal Alhasan. „Koering kènging tiloe kali nèda dina sadinten, lalab-lalaban sarèng laoek, alanjar kawas di darat baè."

„Ah, sok gedè bohong Asan mah?" tjeuk 'Pa Roesdi. „Naha ari di kapal aja kebon lalab, kawas di darat? Ari laoek mah pertjaja, da beunang ngoeseup meureun."

„Sanès aja kebon di kapal, noen!" tèmbal Alhasan, „namoeng sadiskanten lalab, kènging ngagaleuh di darat tèh, di kapalna diampihan di kamar noe tiis, soepados oelah pérang. Ari laoek sanès kènging ngoeseup, da ngoeseup mah moal bisa kènging, kapan djalanna kapal ogè sakitoe gantjangna. Laoekna di kapal, laoek sapi kènging meuntjit harita. Doewa dinten ka tiloena angger meuntjit hidji sapi, malah oepama seueur noe pidahareunana mah, rada mindeng meuntjitna."

„Tah sakitoe kaanèhan kapal tèh!" tjeuk Alhasan. „Oepami dihantem ditjarijoskeun koe koering, moal aja

sèèpna. Langkoeng saè andjeun baè geura angkat ka Tandjoeng Parioek, soepados tiasa njaksi sakoemaha kaajaanana di kapal, noen!"

„Heug atoeh oerang ngaleueut heula," tjeuk 'Pa Roesdi, „kè oerang toeloejkeun deui."

---

## 22. MOENARA LANTÈRA.

Sanggeus Ahmasan reureuh, geus mandi djeung dadaharan, pasosoré gék deui di tengah imah, neroeskeun dongèngna.

„Dina boelan Mei tanggal 15 taoen 1922, ngamimiti pisan koering njabak pagawéan matroos," tjeuk Ahmasan. „Kana pagawéan anjar beretah teu sakoemaha ngawagoenan, da samèmèh digawè, koering mindeng kalacho ka kapal. Heuleut saminggoe ti barang koering digawé, kapal noe dimatrosan koe koering téja rèk lajar ka Tanah Sabrang.

Samèmèhna, teu kira-kira eta atoh, sabab bakal ngandjah nagara² noe djaraoeh.

Dina hidji powé, poekoel lima soré, barang kapal geus disadiakeun, tjitjirén rèk indit. Pagawé kapal pahibeoet sagawé-gawéna.

Isterina ngadjalankeun kapal, matros² ngangkat djangkar, mérèskeun parahoe djeung sadijan ti darat, pagawéan² noe sédjén.

Dina waktoe kapalna indit, nja teu weleh rada rinoet. Tapi barang geus bérés gawé, senang pisan, ngan koeloentang-koelinting dina dèk baé.

Kabeneran poé harita powéan halodo, langit lénglang, teu aja pihoedjaneun, ploeng-plong teténdjoan. Dina lalau-teu aja pihoedjaneun ... ting-paben sadjan ti kapal awas katéh ka daratan, tingroenggoenoek talangkalan, goenoeng-goenoeng ngaroeglat

ngadjadjar. Barang geus lila, kapal beuki tengah beuki tengah, geus djaoeh ti darat. Tah di dinja mah taja deui noe katingal tèh, ngan laoet bae ngajapak djeung langit. Sora tjai tingsalewoer, tingsorodjok.

Dina powè mimiti katjida koering reseupna, dina kakara toempak kapal. Kadoewa powèna karasa awak rada teu ngareunah, sebel djeung lieur, toeloej oetah-oetahan."

„Enké! noe diseboet mabok laoet tèja meureun, nja, Sam?" tjeuk 'Pa Roesdi.



„Leres, noen!" tembal Alnasan.

„Meunang doewa powè koering mabok, teu neda teu nginoem, da seubeul. Radjeun ogè sahoewap-hoewapeun, saregot-regoteun asnep, tapi teu lila kaoetahkeun deui.

Kaopat-powèna tjageur sarta geus kana gawè sakoemaha bijasa.

Sanggeus lajar ti Tandjoeng Periok doewa powè, kinten

tahoen 8 weugi, koering kagèt pisan, di tengah² laoet ningal tjahja seuneu hoerceng, roepina beureum ngageboer. Bareng koe koering ditanjakeun ka sasami matros, èta noe beureum tèh tjahja seuneu dina moenara lantèra."

„Naon ari moenara lantèra tèh, San?" tjeuk 'Pa Roesdi.

„Moenara noe aja lanterana," tèmbal Alhasan. „Damelna baris tjiri² ka oerang kapal. Dina èta moenara aja lantèra noe kaljara roepi²: beureum, koenèng atanapi bodas.

Oepami istirahat ningal èta tjahaja tèja, ladjeng oeninga eun hal di mana ajana èta kapal. Djadi moenara tèh damelna tèja sanès, moeng djadi tjitjiren noe lebah-lebah djalanna kapal.

Saparantosna èta moenara tèja katingal, ladjeng djoeragan kapal masihan isarat, koedoe bèbèrès, sabab kapal rèk balaboeh.

Bareng padamelan parantos bèrès, kapal geus balaboeh, koering nanja ka babatoeran, palaboean nagara mana èta tèh? Doepi tèmbalna èta palaboean Singapoer. Endjingna noe naroempang sapalih aja noe taroeroen di Singapoer, sapalih henteu. Èta kapal rada lami balaboehna di palaboean Singapoer.

Ari sajang koering ogè rèk njaba ka darat. Beu, sihoreng kitoe karamèanana Singapoer tèh, kantenan aja tiloe kalieun ramèna Batawi. Gedong-gedong, djalan-djalan, langkoeng aragoeng, njaba kitoe deui djelema langkoeng seueur."

## 23. KONTRAKAN TEH.

Koeloewarga djeung wèlaneun lemboer Roesdi aja kontrakan tèh. Noe panggedèna kalampahan sapoeè. Ti kontrakan² ieu 'Pa Roesdi rèk meunang doewit rèja pisan, ladjeng kaoeboesanan.

Dina hidji powè sakabèh tatangkalan noe boewahan dipoepoe: manggoe, ramboetan, boewah, nangka djeung salian ti èta. Di tepas hareup imah Roesdi geus ngoendoeng² boeboewahan. Sawarèh aja noe geus ditjaroengkoeus, kirimkeuneun ka kontrakan tèa, malah dina ijangan èta mah 'Pa Roesdi sorangan noe rèk ngiringkeun tanggoengannana. Moal nitah noe sedjèn, sabab sakalian rèk nagihan.

Roesdi ngadenge jèn bapana rèk njaba ka kontrakan. Kabeneran pinarengeunana powè Minggoe.

„Koering miloe bapa!" tjeuk Roesdi.

„Miloe ka mana? da bapa mah moal ka mana-mana," tembal bapana.



„Wah, koering ogè njaba, bapa! Apan isoekan rèk ka kontrakan, ngiringkeun noe dagang boewah," omong Roesdi.

„Seug atoeh, ari njaba mah," tembal bapana, „tapi oelah mopo saja. Lamoen mopo, koe aing ditinggalkeun."

„Pirakoe mopo mah, kapan koering tèh geus gedè, geus koewat ka sakola."

Powè Minggoe, isoekna, Roesdi djeung bapana geus taroeroen ti imah, ngiringkeun sababaraha tanggoengan boeboewahan, leur ka kontrakan tèa.

Si Misnem mah teu dibawa, da bisi mopo.

Teu katjatoerkeun di djalanna, geus nepi ka kebon tèh.

Ti pasir katèndjo koe Roesdi di lebak aja haseup ngaboelak-boelak loehoereun imah.

Roesdi gegeroan: „Bapa! bapa! itoe kahoeroean, haseupna geus ngeboel baè!"

„Hih, lain kahoeroean, Oedi!" tèmbal bapana, „haseup tina hawoe pabrik. Toeh geuning, itoe noe nangtoeng, lijang haseupna."

„Ari itoe goenoeng naon noe harodes?" tjèk Roesdi ka bapana.

„Beu! ari si doesoen! Atoeh lain goenoeng noe kitoe mah, gedong ngaranna.

„Naon, bapa, ari gedong tèh?"

„Engkè baè di ditoe ditoedoehkeun koe bapa."

Beuki deukeut ka pabrik, Roesdi beuki tjoelang-tjileung baè, nendjo barang² noe araneh djeung neuleu rèja toean² tingjalèdjèg. Djelema reboel ka dijeu ka djoe, marawaan entèh ka pabrik.

„Bapa! ari itoe awèwè² tèh keur ngaleundeur naon? Tjing oerang mènta lalabna," tjeuk Roesdi.

„Ih! lain ngaleundeur, keur metik daoen entèh. Toeh geuning dibarawa ka pabrik," tèmbal bapana.

Barang lalempangna geus nepi ka hidji waroeng lee-kangeun pabrik, brek noe naronggoeng tèh areureun.

Bari djoeol soengoetna Roesdi teu rèpèh-rèpèh, ngoro-wètjo baè, sagala ditoendjoek. Koe bapa Roesdi geus teu pati didjawab ajeuna mah, da tjapèeun; djawabna ngan oekoer heeh-heeh baè.

Sanggeus rada lila areureunna, brool djelema² ti pabrik tèh daratang, malajar hoetang djeung noe mareuli boewah

———

## 34. ENTÈH.

Roesdi djeung bapana ĕlĕh pisan darĭjoek di waroeng, deukeut pabrik. Roewah daganganana teja mèh bèjak. Noe mulajar hoetang tingkalentjrèng doewit tambaga djeung pérak.

Sanggeus bérés noe mulajar sarta geus rareuah tjapéna, djeung 'Pa Roesdi sabatoerna arindit ti waroeng, koelantang-koelinting, nèndjo noe anèh-anèh di kenrakan.

Matana Roesdi geus tjoetang tjileung baè ngalèr ngidoel,



bèh ijeu kagèteun, bèh itoe hèraneun, nepi ka taja hidji barang noe teu ditanjakeun.

Barang sakoeriling-koeriling pabrik geus kaider kabèh, gèk sarérèja darĭjoek deui di waroeng.

Saboeda lohor, sanggeus ngatoeurenaan, 'Pa Roesdi amitan ka toekang waroeng, rèk moelang. „Aroen koedoe baè Mas Lorah sawengi mah," tjeuk toekang waroeng.

„Noehoen, 'kang! Engkè deui baè kapajoen, ajeuna

moal tiasa, margi di rorompok noedjoe seueur damel," tembal 'Pa Roesdi.

Sanggeus amitan, brol 'Pa Roesdi djeung pananggoengna arindit.

Barang nepi ka kebon tèh noe lega, Roesdi nanja ka bapana: „Bapa! naha ngan di dijeu baè noe rèja tangkal entèh tèh? Geuning ari di kebon oerang mah euweuh."

„Aroes di dijeu mah rèja entèh dihadja dipelak. Noe melak sikoep, toeh geuning noe sagedè-gedè mah bijang.

Di dijeu baheula ogè euweuh entèh, njijaroe bibit ti nagri Tjina. Mimiti melak entèh di kontrakan ijeu, basa aki sija boedjang kèneh. Ari aroesnana melak salawasna kieu kitoe; toeh geuning aloes, ngadjadjar. Noe sabab poetjoekna dipangkas, djadi teu bisa djangkoeng, ngarampidak ka gigir baè. Handapeunana koedoe dibersihan, soepaja tangkalna moentok. Noe dibikin salawasna daoenna noe ngora, pangaloes-aloesna poetjoekna. Tadi basa neukeur pabrik, geuning dikoempoelan, dibawaan ka goedang. Ti dinja dibawa ka panggilingan. Geus kitoe dipeundjeut kira² tiloe perempat djam, teroes digaringkeun. Ari geus garing toeloej diwadahan dina peti noe beulaheunna ngalapisan koe timah ipis di djeroena, soepaja ulah kaasoepan tjai. Lantaran kaloesoehan, soemawona moen kalembaban, tangtoe seungitna leungit. Beunang metian, dikirimkeun ka tanah² sabrang, didjoewalan."

„Ari oerang nginoem tjientèh tèh ti dijeu entèhna, bapa?" tjek Roesdi.

„Poegoeh!" tembal bapana.

Sadjalan-djalan goenireng baè 'Pa Roesdi djeung anakna, ngadongèngkeun perkara entèh.

Tina resepeunana noe ngarita djeung noe dibawa ngarita, teu karasa deui, bet geus djol nepi ka koeboenna.

„Aèh-aèh! geuning geus nepi ka lemboer. Toeh geuning si Misnem mapagkeun."

Barang geus nepi ka imahna, brak si Misnem djeung emana maroeka babawaan, ari si Roesdi toeloej nangkarak dina lampit bari haroehah-harèhoh bawaning tjapèeun.

## 31. WALONAN.

Parasoré Roesdi djeung Misnem aroelin di boeroean. Kolot-kolotna dariuek di tepas hareup.

Teu lila djol aja pasoeratan datang.

„Mawa soerat, 'Mang?" tjèk Roesdi ka pasoeratan.

„Kantenan, 'Djang!" tèmbal pasoeratan. „Mangga ijeu soeratna."

Soeratna koe Roesdi geus ditampa. Barang alamatna dibatja, bet kaur ka manèhna.

Berebet Roesdi loempat, nèmbongkeun èta soerat ka kolot-kolotna.

„Soerat ti mana, 'Di?" tjeuk bapana.



„Euleuh-euleuh! geuning ti Bandoeng, ti 'Kang Ramlan," omong Roesdi.

„Tjik pèk Oedjang geura batja! Bapa hajang ngadèngèkeun, djoemaan naon, tjêdah."

Braj Roesdi noeka soerat, diridjeng koe kolot-kolotna djeung koe Misnem toeloej dibatja. Kijeu oenina:

Oedjang Roesdi,

Soerat Oedi koe akang geus katampa. Barang bèh nèndjo èta soerat, kajida pisan akang kagèt, da barèto mah Oedi tatjan bisa noelis-noelis atjan, ari ajeuna geus bisa njoeratan. Banget akang nja atoh nèndjo soerat beunang Oedi, nadjan toelisanana rèhèk kènèh, aksarana poetat-pètot djeung bingkeng djadjaranana ogè, katèndjona koe akang aloes, loetjoe baè.

Soekoer! soekoer! soekoer! Oedi geus ka sakola sarta ajeuna geus tèmboeng pangarti beubeunanganana sakola.

Oerang tangtoe gampang silih soeratan, ngabèdjakeun naon-naon noe anèh.

Akang miloe boengah, doemèh Oedi di sakola nepi ka ditepakan koe toean Kontrolir. Mana kitoe ogè Oedi kamanah meureun koe andjeunna.

Sing getol baè sakolana, soepaja koe bapa tèrèh dika Bandoengkeun.

Koemaha bapa djeung ema, daramang?

Bisi aja naon², koedoe boeroe² Oedi njoeratan ka akang. Akang nja kitoe deui, lamoen aja noe anèh² di Bandoeng, tangtoe ngiriman soerat.

Akang noe banget sono ka Oedi,
Ramlan.

---

## 36. GELOET.

Roesdi ajana di sakola beuki dipikanjaah baè koe Goeroena. Ari lantaranana pang kitoe geus tangtoe koe kapinteranana. Moerid pinter salawasna sok dipikanjaah koe Goeroena. Demi Roesdi lain pinter baè, manèhna mah djeung loetjoe ongkoh. Awakna teu kaleler kawas

noe sèdjèn, papakéanana bèrès djeung beresih, toeroeg² satingkahna polahna matak pikaresepeun Goeroe.

Moerid² noe sèdjèn, batoerna sakelas, rèja anoe sirik-keun ka Roesdi, doemèh sakitoe diasihna koe Goeroe. Ari babakoena noe pangpangna teu resepeun ka Roesdi njèèta moerid noe tara diasih; noe kitoe tangtoe moerid noe barodo atawa bangor.

Dina hidji powè, poekoel toedjoeh isoek², Roesdi geus aja di sakola, teu lila datang batoer-batoerna sakelas. Di antara éta baroedak aja saoerang noe katjida geuleuh ewana ka Roesdi, ngaranna si Salkam.

Ti kadjaoehan kènèh si Salkam geus gegeroan, pokna: „Toeh euj! tarèndjo! boedak noe djiga djarangka roentah



tèh geus di dijeu deui. Na' getol² teuing silaing tèh, Gembroe?"

Si Salkam mojokanana ka Roesdi tèh mèh unggal powè, tapi koe Roesdi sakapeung mah tara pati didèngè.

Powè harita kadèngèna koe Roesdi katjida teuing mo-jokanana, djeung Roesdi nangtoeng bari njampeurkeun ka

si Salkam. Omongna: „Salkam! naon sababna sia téh bet hantem-hanteuan teuing ngajak ka déwék téh? Sirik koe naon, geuleuh koe naon?"

„Aèh-aèh! si Roesdi ngalawan, itoe!" tjeuk Salkam. „Naha sia wani ka aing, Gembroe?"

„Teu wani koe naon, deuleu! Sireum ogè ditintjak-tintjak teuing mah, ngègèl," tèmbal Roesdi.

Si Salkam kalah ambekeunana, sirindil, gabroeg ngaroentoek ka Roesdi, maksoedna mah hajangeun nangpeug-keun, tapi tina awak Roesdi sakitoe gedéna, koe si Salkam teu kageubig-geubigkeun atjan. Ari Roesdi gampang pisan malangkeun si Salkam, gedeboeg ditinggangkeun kana batoe, toeloej ditindihan bari ditendjokan koe Roesdi. Si Salkam teu bisa noe malik, boro² bisa gegeroan, da eungapeun ditindihan koe noe sakitoe beuratna.

Kabeneran batoer-batoerna baralik rèja noe daratang, toeloej ditaroeloengan, Roesdi ditoengeuen, si Salkam dihoedangkeun.

„Koemaha, Salkam, moenang geloet téh?" tjeuk batoerna noe saoerang. „Noe matak ari djadi boedak oelah sok oa² teuing, bisi aja noe ngalawan. kawas ajeuna silaing. Nadjan Roesdi boedak bageur sarta sabar ogé, ari dihe-reujan² teuing mah, langsoeng ngalawan. Geus ka ditoe misah, oelah deukeut², bisi aja noe ngagelosan deui, djeung bisi soemping djoeragan Goeroe ongkoh, pèk engkè silaing ditambahan disetrap. Pék anggoer ngarapaikeun ka ditoe!" omong batoerna noe panggedéna.